druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

№ 46-47 (10297-10298)

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 17 июнь /Рузман

# Имам Шамил гьавуралдаса-225 сон

Районалъул тIоцевесев заме-ститель АхIмад Лабазанов-ги, районалъул цо-цо идара-базул нухмалъулели, «Имам



Шамилил фондалъул» прези-дент ГIалиасхIаб Хархачаевги гIахьаллъараб, имам Шамил гьа-вуралдаса 225 сон тIубаялъулаб юбилей тIобитIиялъул гIуцIцIалилаб комитеталъул за-седание тIобитIана гьал къоязда райадминистрациялда. Гьоркьоб лъураб суал-имамасул юбилеялде районалда гьаризе ругел тадби-рал.

**-Болъихъ районалъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабизе буго гьеб юбилей бищунго тIадегIанаб даражаялда тIобитIизе,-ян абу-на АхIмад Лабазановас..**

**Халкъалда тарих лъазе ккола, тарихалъулъ Шамил имамас кколеб бакIалъулги, гьесул за-маналда ккарал лъугьа-бахъ-иназулги хIакъалъулъ лъазе ккола гIун бачIунеб гIелалда. Нилъеца гьеб юбилеялда хур-хун гьаризе хIисабалде росарал тадбираз абуни, лъикIал ресал къезе руго нилъер гIолохъабазе патриотикияб тарбия щвеялъе. КиналгIаги тадбирал: кон-курсал, выставкаби, гIелмиял конференцияби тIадегIанаб да-ражаялда тIоритIизе ресалги руго нижер районалда,-ян би-цана АхIмад Лабазановас** тIаде рачIарал гьалбадерие.

-Кавказалъул рагъул заманалда гIемерал наибзабиги мюридзаби-ги рукIана Шамилил бодулъ Болъихъаги ва районалъул ро-сабалъаги. Гьезул мустахIикъал наслаби нуж рукIин бихьизабуна нужеца 1999 соналъ ккарал лъу-гьа-бахъиназулъги. Болъихъ ро-сулъе лъугьунеб бакIалда чIван руго Имам Шамилилги Росси-ялъул Президент В.В.Путинилги суратал. Гьелъго бихьизабулеб буго нужер халкъалъулги райо-налъул нухмалъулезулги машгьу-рав имамасдехун бугеб лъикIаб бербалагьиги, гьесул цIар борхат-го цIунизе бокьиги, тарихалъулъ гьесул бугеб кIвар бихьизабиги,-ян абуна ГIалиасхIаб Хархачаевас. Гьес къокъго бицана дунялалда имам Шамилие кьолеб бугеб къи-маталъулги, гьесул 225 сонилаб юбилей кIодо гьабун гьаризесел тадбиразулги ва Болъихъ районал-де рачIиналъул мурадалъулги. Дандельиялъул ахиралда АхIмад Лабазановас баркала кьуна гьалбадерие гIакълу дандбазе рачIиналъухъ.

-Болъихъ районалъул жамагIатазги халкъалъги кидаго рахъ ккола гьединал тадбиразул ва тIадегIанаб даражаялда гьел тIоритIиялъе хIаракатги бахъула,-янги абуна гьес.

# Россиялъул къоги кIодо гьабуна, гIолилазе паспорталги кьуна

Районалъул тарихиябгун-краеведениялъул музеялда тIобитIана Россиялъул Къо кIодо гьабураб тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъ-ул бетIер Руслан ХIамзатовас, гьесул тIоцевесев заместитель АхIмад Лабазановас, ОМВ-Дялъул миграционнияб пун-кталъул начальник Шагьрудин ХIайдарбеговас ва цогидазги.

Районалъул нухмалъулес баркана данделъараздаги ва районалъул кинабго халкъал-даги Россиялъул аслияб байра-мазул цояблъун кколеб къо.

ВатIан бокьиялъулъги, мил-латал гIемераб халкъ цолъиза-биялъулъги, гIун бачIунеб гIел патриотикияб тарбия кьун ку-цаялъулъги гьеб байрамалъул бугеб кIвараалъул бицунаго гьес мисалалъе бачана жакъа Укра-иналда бугеб ахIвал-хIалги гьениб ракIбацIцIадго, унго-унгояб бахIарчилъиги бихьиза-бун нилъер ракьцояз борхулеб борчги.

**-1999 соналъ нилъеда би-хьана рагъулал лъугьа-бахъ-иназул къогIлъиги, гьелъул хIасилалги, рагьде вачIарав тушман нахъе хьамиялъе халкъалъ бихьизабураб гъун-киги бахIарчилъиги.**

**КIудияб баркала буго гье-динал лъугьа-бахьинал ккечIого рукIиналъе гIоло, нилъерго ракьалдаса туш-ман нахъе хьамизе ккечIого букIиналъе гIоло Украи-налъул ракьалда рагъулаб налъи мустахIикъго тIубалел киналго гIолилазе. Жакъа нилъеда гьоркьор руго гьаб байрамкъоялъ тIоцебе жи-дер аслияб документ-паспорт босулел гIолилал. Бичанте гьезиеги гьезулго гIелалъул киназегоги нилъер рагъухъ-аби рукIине мустахIикъаб мисаллъун. Гьарула киназего рекъелги, лъикIабщинабги. Ричанте нилъ кидаго бай-рамалъулал лъугьа-бахьиназ данде гьаризе,**-ян абуна Рус-лан ХIамзатовас.

Гьелдаса хадуб ОМВДялъул ми-



грационнияб пунктaлъул началь-ник Шагьрудин ХIайдарбеговас киназдаго баркана байрам -Рос-сиялъул Къо, гьарана щулияб сахлъиги, икъбалги. Бицана граж-данинасул аслияб документ-па-спорталъул бугеб кIвараалъул. 

-Дун вохаравги чIухIаравги вуго гIолилазе гьеб документ гьадинаб рохалилаб ахIвал-хIалалда, къимат тIадегIанаб байрамкъоялъ къезе рес щваралдаса,-ян. Шагьруди-ница цIаралккун цере ахIана гIолилал. Паспортал гьезие кьуна Руслан ХIамзатовас.

Тадбиралъул ахиралда райо-налъул культураялъул управле-ниялъул хIалтIухъабаз ахIана кучIдул, бихьизабуна берцинаб къурди.

**С. Сайпуева.**

# 1830-1859 СОНАЗДА КАВКАЗАЛЪУЛ РАГЪАЗДА ГIАХЬАЛЛЪАРАЛ НИЛЪЕР НАИБЗАБИ

Имам Шамилица гъазаваталъе нухмалъи гьабулел 1834-1859 рагъул соназда, жакъасеб Болъихъ районалъул росабалъ рахъана жидер ц1ар машгъурал ва историялде арал имамасул 15 бах1арчияв наиб. Гьезул щивасул буго бах1арчияб рагъулаб нухги ва имамас кьураб т1адегIанаб кьиматги.

Наиб- гьев ккола жинца нухмалъи гьабулеб вилаяталда бугеб чамго росдал бет1ер ва гьединго жинца гъазаваталъе х1адур гьабураб бодул цевехъан, армиялъул къаг1идаялъ абуни генерал г1адав чи.

## ГIАНДИСА НАИБЗАБИ:

ГъалбацIдибир, Дибир ва Идрис гьал лъабазулго цIарал гIемер дандчIвала ГIандадерил бахIарчиял наибзаби абун, амма тIубараб гьезул хIакъалъулъ батIиял баянал кьун гьечIо, цого Дибир вагъулев вукIун вуго имамгун цадахъ ахирисеб рагъда Гъунив.

ГИРЕЙ- бахIарчияв, имамасе вокьулев наиб. Гьеса ГIандадерил вилаяталъул гIемерчи цIазе кIвана имамасул рахъалде. 1858 соналъ чачаналъ ккараб рагъда бахIарчилъиялда шагьидлъана.

ГЪАЗИЯВ – Гьев вукIана имам Шамилил бищунго цевесев наиб. Гъазияс наиблъи гьабуна Имам ГъазимухIамадил заманалдаса байбихьун. Гьев вукIана имам ХIамзатбегил божарав кумекчиги. Имам чIвайдал гьес рецIел босана гьев чIаразул 15 чиги чIван.

ЛАБАЗАН- Гьев вукIана ритIухъав, гьабулеб жоялъе нахъе къаларев, хIинкъи-къай гьечIев, гIакъилав, кIал пасихIав, гIадамал хадур цIазе бажари бугев, цебе лъураб масъала хунги-вахъунги тIубазабулев, имам Шамилие бищунго вокьулезул цояв, бахIарчияв наиб.
Гьес ГIандадерил вилаят цолъизабиялъе гьабуна кIудияб хIаракатчилъи, гьесул нухмалъиялдалъун тушманасе пайда босизе жо жаниб течIого рухIун гIодор лъуна жиндие гIагарал гIандадерил росаби. Жанисев тушманасе ва гьимасда данде чIаразе гьев вукIана гурхIел гьечIого гьел тIагIинариялъе кIудияб хIалтIи гьабулев чи. ГIандиб ва Даргъоб ккарал рагъазда гьес бахIарчилъи бихьизабуна. Гьесул цIар цIакъго кьадрувяб къагIидаялъ машгьурлъана магIарулаздаги чачаназдаги гьоркьоб.
Кавказалъул рагъдаса хадуб гьев хIалтIана росдал старшиналъун…

МУХIАМАД (Мамади)- 1850 соназда хIалтIана ГIанди вилаяталъул наиблъун. Хадусеб къисмат лъаларо.

## САЛАТАВИЯЛЪУЛ НАИБ- ЧАНХЪОСА ГЪАЙИРБЕГ



ГIандиб ва Даргъоб ккараб рагъазда гьес бихьизабураб бахIарчилъиялъ имамас Гъайирбег тIамуна Салатавиялъул наиблъун. Гъайирбегил бахIарчиял рагъул гьунаразул хIакъалъулъ гIемер хъван буго Кавказалъул рагъул тарихалда. Тушманасдаса нахъе къалев, цIомахIав чи гьесие битIахъе тушман вукIана. Тушманасдаса нахъе къанилан гьес жиндирго чIужуялъул вацицин чIвана. Рагъда жанив гъалбацI гIадин вагъарав Гъайирбег вукIиналъ, гьесул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ гъоб заманалъ хъварал назмабаздаги дандчIвала. ХъахIабросулъав МахIмудил рокьулги къалулги бицунеб кочIолъцин рехсон буго гьесул бахIарчилъиялъул.
Гъайирбег вукIана бажари бугев рагъул цевехъан, цеветIурав, рагъул тактика жинда лъикI лъалев наиб. Имаматалда жаниб гьесул кIудияб къадру-къимат букIана. Гьединав вукIиналъ имамасеги гьев кутакалда вокьулаан.
Гъайирбег чIвана 1856 соналъ хIилла-макруялдалъун Эндерей росдада гIагарлъухъ, вукъун вуго Буртунаялда.
Буртунаялда бугеб гьесул наслуги буго машгьураб.

## БОЛЪИХЪА-ТIЕХIНУЦАЛЛЪИЯЛЪУЛ НАИБ-ИСМАГIИЛ

ИсмагIил вукIана бахIарчияв гIамал- хасияталъул, халкъалда гьоркьоб жиндир къадру-къимат бугев чи. Имам Шамилил вас ГъазимухIамадил лъикIав гьудул гьалмагъги вукIана гьев. Рагъазда жиндирго бахIарчилъи бихьизабидал имамас гьев тIамуна 1844 соналъ Болъихъ ва хадув ТехIнуцаллъиялъул наиблъун. Къо ккаралъув кивго ватулев наиб гьев вукIиналъ имамасул ва гьесул вас ГъазимухIамадил кIудияб рокьи-хинлъи букIана гьесдехун.
1857 соналъ Салатавиялъул ракь цIунулаго бахIарчилъиялда шагьидлъана гьев Буртунаялда.

## КЬОХЪА-АНЦУХЪАЗУЛ НАИБ ЗУБАИР

Зубаир вукIана бахIарчияв наиб. Гьесда тIокIцIар букIана Хусров абун ва гьеб цIар дандчIвала тарихалда жанибги.
Наиблъун гьев тIамуна 1858 соналъ. Имамасул гьесдехун кIудияб божилъи букIиналъ рагъул ахирисеб соналда гьесда божизабуна имаматалъул хазина.
1859 соналъ Гъуниб магIарда букIараб ахирисеб рагъда имам Шамилгун цадахъ бахIарчиго рагъулел рукIана Кьохъа наиб Зубаирги ва ГIандиса наиб Дибирги…

## ХЕЛЕКЬУРИСА-БАГУЛАЗУЛ НАИБ ШАМХАЛ

Шамхал вукIана кутакаб къаркъалаялъул къуватав черхалъул чи. ГьитIинго гIараб гIелмуялдаги тIадчIун гIалимчилъун вахъана гьев. Гьесул гIелмуялъе живго имамцин мукIурав вукIана. Гьесде имамас абулаанила гьев цIунизе гIоло рагъде лъугьинчIого, бодуе хIажатаб-таралъе кумек гьабейилан. Амма Шамхалица гьелдаса инкарги ккун, бахIарчилъиялда хIалуцарал рагъазулъ цеве-цеве лъугьун гIахьаллъи гьабулеб букIанила. Имам Шамилгун цадахъ гьес ва гьесул рагъухъабаз гIемер рагъазулъ гIахьаллъи гьабуна. Гьев вукIана хIинкъи-къай гьечIев бахIарчияв наиб. Гьесул рагъуе бугеб гьунаралдаса имам цIакъ рази вукIунаан.
1857 соналъ Салатавиялда ккараб рагъ букIана имамасе бищунго битI ккечIеб, гьенир гьесул чIвана 300 ва лъукъана 450 мюридги, гьединго гьенир шагьидлъана лъабго бахIарчияв наибзабиги, гьезда гьоркьов Шамхалги.

## ШОДРОДАСА-ТIЕХIНУЦАЛЛЪИЯЛЪУЛ НАИБ ХIАЖИЯВ

ХIажияв вукIана имам Шамилил ТехIнуцаллъиялъул вилаяталда вугев гIакълучи. 1842 соналъ ХIажияс гIахьаллъи гьабуна 17 машгьурал магIарулазул гIалимчагIигун цадахъ ЧIиркъатIа бищараб съездалда. Гьениб гьоркьоб лъураб аслияб суал букIана Шамил имамлъун тей-тунгутIиялда хурхараб. Шамилил рахъги ккун ХIажияс гьениб гIадамазул рекIелъе бортулеб пасихIаб кIалъай гьабуна.
1840-1844 соназ ТIехIнуцаллъиялда наиблъун Хунзахъав ХIажимурад хIалтIулелъул гьесул гIакълучилъунги вукIана гьев. ХIажимурад Хундерил наиблъун тIамидал, гьесул бакIалда ТIехIнуцаллъиялъул АнсалтIа рахъалда ругел росабазе наиблъи гьабуна гьес. Гьев вукIана гIалимчи гуревги, кIалзул кIудияб гьунар бугев пасихIаб каламалъул чи.
1847 соналъ СалтIа ккарал рагъазда сакъатлъи ккарав ХIажияс гьебго соналъ рехизе ккун буго наиблъиги. Гьев ккола Гайилазул кьолбол чи, ХIажиясул АхIмадовазул лъабабилев кIудияв эмен.
ГIемер соназ хIалтIун вуго гьев чачаназул ЧIинуси росулъ дибирлъун, рукIун руго гьесул гьенир гьарурал хъизан- лъималги. Гьеб росдал цIаралдаса бачIараб буго ЧIинсал абун жакъа АхIмадовазул хъизамалде росдаца абулеб тIокIцIарги.

## ЧАЧАНАЗУЛ ЧIАНТИСАЗУЛ НАИБ ШОДРОДАСА ХIАМЗАТХIАЖИ



ХIамзатхIажи гьавуна 1808 соналъ Шодрода росулъ, гIараб гIелмуялъул гIалимчи Салманкъадиясул хъизамалъе. Эбел гьесул йикIана шубутисезул ЧIантиб абулеб росулъа чачанай. Лъимерлъиялдасаго инсуца гьев гIараб гIелмуялда тIад чIезавун гIезавуна. 15сонил гIумруялда гьес инсуда цадахъ хIеж борхун буго.
1839 соналъ АхIулгохIда битIги ккечIого Имам Шамил Шуботиве вачIиндал, ХIамзатхIажи гьевгун дандчIван буго.
ХIамзатхIажил рукIана жидер къадру-къимат борхалъуде бахарал чачаналъги ва магIарулалъги гьарурал хъизан-лъимал:
Гьесул бищун гьитIинай яс СалихIатхIажияй йикIана СалтIаса шейх УзунхIажил лъади.
1845 соназда ГIандиб ва Даргъоб ккарал рагъаздаса хадуб гьениб ХIамзатхIажица рихьизарурал бахIарчиял ишазе гIоло имамас гьесдехун кIудияб божилъи гьабун буго.
ХIамзатхIажи вукIун вуго жиндир гIезегIан къадруги, къо-асги бугев, гIакълуги камилав, каламги гьуинав, чиясда бадиб рагIи абулев, бихьинмахIаб гIамал-хасияталъул, халкъалда жаниб жиндир кIудияб къиматги бугев чи. Гьединав вукIиналъ чачаназул ЧIанти росдал вилаяталъ гьев росдал дибирлъунги тIамун вуго. Хадубго имамас гьесда божизабун буго Чачаназул ЧIантисазул вилаяталъул наиблъиги.
Чамго соналъ чияр ракьалда гьединаб жавабияб иш тIаде босизе ккани, чиясе къваригIуна къвакIиги, кIудияб таваккаллъиги, ва гIадамазда гьоркьов хIалтIизе лъайги. Рагъазда гьесги, гьесул рагъухъабазги кIудияб гьунар ва бахIарчилъи бихьизабулеб букIун буго…
1858 соналъ ЧIантиб ккараб рагъда гьесул кIиго вас чIван буго.
Живго лъукъун ворчIун вуго. Рагъ лъугIун хадув гьев гIурусазул къайимлъиялде инзе ккун вуго. ГIурусазул рахъалде гьев вачIиндал, гьез гьев Шодрода росдал старшиналъун тIамун вуго.
Пачаясул Россиялъул хIукуматалъ ХIамзатхIажида божизабун букIараб печаталда хъван буго цересел гIурус хIарпазда: «Шодродинский сельский старшин Андийского округа»-ян.

Ахирисеб нухалъ ХIамзатхIажи дандчIван вуго имам Шамилгун хIежалъул ракьалда. Шамилица цIакъго тIадчIей гьабун цIехон буго Дагъистаналда ва Чачанлъиялда бугеб ахIвал-хIалалъул.
ХIамзатхIажи хун вуго 1885с. Вукъун вуго Шодрода росулъ.
Гьесул сурат бахъун буго 1858 соналъ Дагъистаналде ва Чачаналъе вачIун вукIарав немцазул машгьурав художник Т. Горшельдитица.

**(Хадусеб букIине буго)**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 10 июня 2022 г. № 88

с. Ботлих

## *Об утверждении отчета об исполнении бюджета МР «Ботлихский район» за первый квартал 2022 года*

В соответствии пунктом 6 статьи 52 Федерального закона от 06.10.2013 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», пунктом 5 статьи 27 Положения о бюджетном процессе в муниципальном районе «Ботлихский район» администрация муниципального района постановляет:
1. Утвердить прилагаемый отчет об исполнении бюджета МР «Ботлихский район» за первый квартал 2022 года.
2. Направить отчет об исполнении бюджета МР «Ботлихский район» за первый квартал 2022 года в Собрание депутатов МР «Ботлихский район» и контрольно-счетную палату МР «Ботлихский район».
3. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Гъудуллъи-Дружба».

**Первый заместитель**
**главы администрации**
**А.Р. Лабазанов**

**УТВЕРЖДЕН**
**постановлением**
**АМР «Ботлихский район»**
**от 10.06.2022 г. № 88**

**Отчет об исполнении бюджета МР «Ботлихский район»**
**по доходам и расходам за первый квартал 2022 года**

**1.1. Исполнение бюджета МР «Ботлихский район» по доходам за первый квартал 2022 года составляет 284975,1 тыс. рублей, в том числе:**

| | Наименование Доходов | Утверждено бюджет муниципальн ого района | Исполнение бюджета муниципальн ыхрайонов | Результат исполнения | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | % исполнен ия | Отклонен ие (+-) |
| | **ДОХОДЫ БЮДЖЕТА ВСЕГО** | **1 322 329,3** | **284 975,1** | **21,6** | **1 037354,2** |
| | **НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ** | **155 307,1** | **35 051,0** | **22,6** | **-120 256,1** |
| | **НАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ** | **151 380,6** | **33 751,5** | **22,3** | **-117 629,1** |
| | Налог на доходы физических лиц | 106 053,0 | 21 934,4 | 20,7 | -84 118,6 |
| | Акцизы по подакцизным товарам | 26 096,6 | 6 730,3 | 25,8 | -19 366,3 |
| | Налог, взимаемый в связи с применением упрощенной системы налогообложения | 17 310,0 | 4 521,5 | 26,1 | -12 788,5 |
| | Единый налог на вмененный доход для отдельных видов деятельности | | -13,0 | | -13,0 |
| | Единый сельскохозяйственный налог | 161,0 | 35,4 | 22,0 | -125,6 |
| | Налог, взимаемый в связи с применением патентной системы налогообложения | 50,0 | 36,9 | | -13,1 |
| | Налог на имущество физических лиц | | | | 0,0 |
| | Государственная пошлина за совершение нотариальных действий | 1 710,0 | 506,0 | 29,6 | -1 204,0 |
| | **НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ** | **3 926,5** | **1 299,5** | **33,1** | **-2 627,0** |
| | Доходы от сдачи в аренду имущества, находящегося в оперативном управлении органов государственной власти, органов местного самоуправления, государственных внебюджетных фондов и созданных ими учреждений (за исключением имущества бюджетных и автономных учреждений) | 100,0 | 95,0 | 95,0 | -5,0 |
| | Прочие поступления от использования имущества, находящегося в собственности муниципальных районов (за исключением имущества муниципальных бюджетных и автономных учреждений, а также имущества муниципальных унитарных предприятий, в том числе казенных) | | 13,5 | | 13,5 |
| | Плата за негативное воздействие на окружающую среду | | 12,4 | | 12,4 |
| | Прочие доходы от оказания платных услуг (работ) получателями средств бюджетов муниципальных районов | 3 476,5 | 815,9 | 23,5 | -2 660,6 |
| | Доходы от приватизации имущества, находящегося в собственности муниципальных районов, в части приватизации нефинансовых активов имущества казны | 350,0 | 0,0 | 0,0 | -350,0 |
| | ШТРАФЫ, САНКЦИИ, ВОЗМЕЩЕНИЕ УЩЕРБА | | 362,7 | | 362,7 |
| | ПРОЧИЕ НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ | | | | 0,0 |
| | **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | **1 167 022,2** | **249 924,1** | **21,4** | **-917 098,1** |
| | **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ ОТ ДРУГИХ БЮДЖЕТОВ БЮДЖЕТНОЙ СИСТЕМЫ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ** | **1 167 022,2** | **252 791,3** | **21,7** | **-914 230,9** |
| | **Дотации на выравнивание бюджетной обеспеченности** | **241 144,0** | **60 286,0** | **25,0** | **-180 858,0** |
| | Дотации бюджетам муниципальных районов на выравнивание бюджетной обеспеченности | 241 144,0 | 60 286,0 | 25,0 | -180 858,0 |
| | **Субсидии бюджетам бюджетной системы Российской Федерации (межбюджетные субсидии)** | **163 418,1** | **5 244,5** | **3,2** | **-158 173,6** |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **в том числе:** | | | | 0,0 |
| | Субсидии бюджетам муниципальных районов на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования, в том числе дорог в поселениях (за исключением автомобильных дорог федерального значения) | 10 808,4 | | 0,0 | -10 808,4 |
| | Субсидии бюджетам муниципальных районов на организацию бесплатного горячего питания обучающихся, получающих начальное общее образование в государственных и муниципальных образовательных организациях (средства Федерального бюджета) | 29 706,9 | 4 836,1 | 16,3 | -24 870,8 |
| | Субсидии бюджетам муниципальных районов на реализацию программ формирования современной городской среды | 8 087,4 | | 0,0 | -8 087,4 |
| | Субсидия бюджетам муниципальных районов на поддержку отрасли культуры(комплектования книжных фондов библиотек МО) | 170,0 | | 0,0 | -170,0 |
| | Субсидии бюджетам муниципальных районов на реализацию мероприятий по модернизации школьных систем образования | 111 444,4 | | 0,0 | -111 444,4 |
| | Прочие субсидии бюджетам муниципальных районов (на организацию двух разового питания в лагерях с дневным пребыванием детей) | 1 108,8 | | 0,0 | -1 108,8 |
| | Прочие субсидии бюджетам муниципальных районов (на организации проведения на территории РД мероприятий по отлову содержанию животных без владельцев) | 300,0 | | 0,0 | -300,0 |
| | Прочие субсидии бюджетам муниципальных районов (на организацию бесплатного двух разового горячего питания ОВЗ, в том числе детей инвалидов) | 1 792,2 | 408,4 | 22,8 | -1 383,8 |
| | **Субвенции бюджетам бюджетной системы Российской Федерации ВСЕГО:** | **762 460,1** | **187 260,8** | **24,6** | **-575 199,3** |
| | **в том числе:** | | | | 0,0 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на выполнение передаваемых полномочий субъектов Российской Федерации (Госстандарт школы) | 494 213,0 | 123 553,2 | 25,0 | -370 659,8 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на выполнение передаваемых полномочий субъектов Российской Федерации (Госстандарт детсады) | 121 170,0 | 30 292,5 | 25,0 | -90 877,5 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на выполнение передаваемых полномочий субъектов Российской Федерации (на предоставлении дотации поселениям) | 101 126,0 | 25 282,0 | 25,0 | -75 844,0 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на выполнение передаваемых полномочий субъектов Российской Федерации (Архивный фонд) | 58,4 | 15,0 | 25,7 | -43,4 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на выполнение передаваемых полномочий субъектов Российской Федерации (Администр. Комиссия по делам несовершеннол.) | 744,0 | 186,0 | 25,0 | -558,0 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на выполнение передаваемых полномочий субъектов Российской Федерации (Администр. комиссия) | 372,0 | 93,0 | 25,0 | -279,0 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на выполнение передаваемых полномочий субъектов Российской Федерации (Опека попечительство) | 746,0 | 398,8 | 53,5 | -347,2 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на содержание ребенка в семье опекуна и приемной семье, а также вознаграждение, причитающееся приемному родителю | 2 317,0 | 370,4 | 16,0 | -1 946,6 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на компенсацию части платы, взимаемой с родителей (законных представителей) за присмотр и уход за детьми, посещающими образовательные организации, реализующие образовательные программы дошкольного образования | 1 505,4 | 376,4 | 25,0 | -1 129,0 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на предоставление жилых помещений детям-сиротам и детям, оставшимся без попечения родителей, лицам из их числа по договорам найма специализированных жилых помещений | 1 350,0 | | 0,0 | -1 350,0 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на осуществление первичного воинского учета на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 3 109,0 | 777,3 | 25,0 | -2 331,7 |
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на осуществление полномочий по составлению (изменению) списков кандидатов в присяжные заседатели федеральных судов общей юрисдикции в Российской Федерации | 61,2 | | 0,0 | -61,2 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Субвенции бюджетам муниципальных районов на ежемесячное денежное вознаграждение за классное руководство педагогическим работникам государственных и муниципальных общеобразовательных организаций | 35 688,1 | 5 916,2 | 16,6 | -29 771,9 |
| | **Доходы бюджетов муниципальных районов от возврата организациями остатков субсидий прошлых лет** | | **765,4** | | |
| | **ВОЗВРАТ ОСТАТКОВ СУБСИДИЙ, СУБВЕНЦИЙ И ИНЫХ МЕЖБЮДЖЕТНЫХ ТРАНСФЕРТОВ, ИМЕЮЩИХ ЦЕЛЕВОЕ НАЗНАЧЕНИЕ, ПРОШЛЫХ ЛЕТ** | | **-3 632,6** | | |

**1.2. Исполнение районного бюджета МР «Ботлихский район» по расходам за первый квартал 2022 года составляет 272503,2 тыс. рублей.**

**в том числе:**

| | **Наименование расходов** | **Утверждено бюджет муниципального района** | **Исполнение бюджета муниципальныхрайонов** | **Результат исполнения** | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | **% исполнения** | **Отклонение (+-)** |
| 1 | ОБЩЕГОСУДАРСТВЕННЫЕ ВОПРОСЫ (0100) | 50208,1 | 9608,7 | 19,1 | 40599,4 |
| 2 | НАЦИОНАЛЬНАЯ ОБОРОНА | 3109 | 777,3 | 25,0 | 2331,7 |
| 3 | НАЦИОНАЛЬНАЯ БЕЗОПАСНОСТЬ И ПРАВООХРАНИТЕЛЬНАЯ ДЕЯТЕЛЬНОСТЬ | 5869 | 1117,6 | 19,0 | 4751,4 |
| 4 | НАЦИОНАЛЬНАЯ ЭКОНОМИКА | 44268,3 | 3185,8 | 7,2 | 41082,5 |
| 5 | ЖИЛИЩНО-КОММУНАЛЬНОЕ ХОЗЯЙСТВО | 44404,1 | 5755,4 | 13,0 | 38648,7 |
| 6 | ОБРАЗОВАНИЕ | 1032393,7 | 211518,4 | 20,5 | 820875,3 |
| 7 | КУЛЬТУРА, КИНЕМАТОГРАФИЯ | 34396,6 | 8217 | 23,9 | 26179,6 |
| 8 | СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА | 8715,2 | 1582 | 18,2 | 7133,2 |
| 9 | ФИЗИЧЕСКАЯ КУЛЬТУРА И СПОРТ | 8667,4 | 2191,8 | 25,3 | 6475,6 |
| 10 | СРЕДСТВА МАССОВОЙ ИНФОРМАЦИИ | 6732,5 | 1324,2 | 19,7 | 5408,3 |
| 11 | ОБСЛУЖИВАНИЕ ГОСУДАРСТВЕННОГО И МУНИЦИПАЛЬНОГО ДОЛГА | 11,5 | 0 | 0,0 | 11,5 |
| 12 | МЕЖБЮДЖЕТНЫЕ ТРАНСФЕРТЫ ОБЩЕГО ХАРАКТЕРА БЮДЖЕТАМ СУБЪЕКТОВ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ И МУНИЦИПАЛЬНЫХ ОБРАЗОВАНИЙ | 106416 | 27225 | 25,6 | 79191 |
| | **РАСХОДЫ БЮДЖЕТА ВСЕГО** | **1345191,4** | **272503,2** | **20,3** | **1072688,2** |

## Нелегальный мигрант



**ОМВД России по Ботлихскому району сообщает, что в целях стабилизации миграционной ситуации, повышения эффективности борьбы с нелегальной миграцией, оздоровления криминогенной ситуации на территории района, в период с 15 по 24 июня проводится целевое оперативно-профилактическое мероприятие «Нелегальный мигрант» 2-й этап, направленное на выявление и пресечение нарушений миграционного законодательства Российской Федерации. В ходе проведения мероприятия особое внимание будет уделено на осуществление проверок объектов жилого сектора, гостиниц, рынков и торговых центров, находящихся на территории района. В случаи получения информации о способах и каналах передвижения незаконных мигрантов, просим жителей района сообщить в дежурную часть ОМВД России по Ботлихскому району.**

**88727122032**

**Начальник МП ОМВД России по Ботлихскому району Ш. Гайдарбегов.**

# МустахIикъав мугIалим кIочон тун гьечIо

Дида цебе столалда буго мугIалимасул берцинаб хатIалъ хъвараб автобиография.

-Дун, МухIамадов ГIалиасхIаб ГIалиевич гьавуна Муни росулъ….. хъвараб заман-1971 сон. Гьеб буго гьанжего-гьанже Дагъистаналъул Пачалихъияб университетги лъугIун гIагараб Муни росдал школалде хIалтIизе вачIарав гIолохъанав педагог, математикаялъул мугIалим ГIалиасхIаб МухIамадовас тIамчил цо гъумералда хъвараб, гьеб къоялде щвезегIан гIумруялъулъ жинца лъурал галабазул къокъабго хIасил.

1938 соналъ Муни гIадатияб хъизаналда гьавурав ГIалиасхIаб росулъ анкьго класс лъугIун хадув цIализе ун вуго Болъихъе. 1957 соналъ 10 класс лъугIарав гьев, дагьабго заманалъ Муни росдал библиотекаялъул заведующийлъуни хIалтIун, гьебго соналъ ун вуго Советияб Армиялде, рагъулаб хъулухъ гьабизе. Лъабго сон гьенибги бахъун тIадвуссарав ГIалиасхIаб, гьоркьоб заманго инчIого, тIамун вуго росдал школалде байбихьул классазул мугIалимлъун. Гьелдаса нахъе жиндирго гIумру гьес бухьинабуна гIунбачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялда. Школалда хIалтIулаго заочно цIалун лъугIизабуна Буйнакскиялъул педагогикияб училище. Жеги лъай камил гьабизе бокьун, ана цIализе ДГУялъул математикияб факультеталде. 1971 соналъ гьебги лъугIизабун тIадвуссана гIагараб школалде, бокьулеб хIалтIуде.

Гьелдаса хадуб, Аллагьас жиндие кьурал гIумрудул къоял тIагIинегIан, кIикъоялда анцIго соналъ барахщичIого бикьана лъималазе жиндирго лъайи, гIумрудул бичIчIиги, мальъана гьезда обществоялда гьоркьор рукIа-рахъинеги, хьвадизеги.

Школалда гьабуна ГIалиасхIабица завучлъиги, 4-5 соналъ гьабуна школалъе директорлъиги, амма мугIалимасул хIалтIулъ, лъималазе кьолеб тарбия-лъаялъулъ дагьабниги мукъсанлъи ккезе гьес киданиги биччачIо. Щибаб лъимералъе рекъараб калам бицизеги, хасаб рагIи батизеги махщел бугев мугIалимасул букIинчIо гIумрудулъ батIияб масъала жиндир цIалдохъан школалдаса мустахIикъав инсанлъун къватIиве виччай гуреб батIияб.

Узухъда, бащадаб гIасруялъ гьес гьабураб хIалтIиги, баччараб гIакъуба-къварилъиги, захIматги хутIичIо гIададаго гьабураб хIалтIилъун. ГIун рачIана мустахIикъал гIелал. Цояз тIаса бищана ГIалиасхIабилго хIалтIи, цоцоял рахъана лъикIал тохтирзабилъун, цогидаз тIаса рищана гIумрудул батIи-батIиял нухал. Амма кире кканиги, кинаб сухьмахъ тIаса бищаниги, гьез кIочене течIо мустахIикъав мугIалим-ГIалиасхIаб ГIалиевич.

Гьелъие нугIлъи гьабула исанаги, ирградулаб нухалъ, мунагьал чураяв ГIалиасхIаб МухIамадов ракIалде щвеялъе районалда тIобитIараб волейболалъул рахъалъ Республикаялъулаб турниралъ.

Гьаб нухалъ турниралда гIахьаллъи гьабуна Болъихъ, ГIахьвахъ, ЦIумада, Гумбет, Хунзахъ, Унсоколо ва Шамил районаздаса анкьго командаялъ. Жидерго командабазул рахъккун, нилъехъе рачIун рукIана ГIахьвахъ районалъул бетIер МухIамад МуртазагIалиев, Хунзахъ районалъул бетIер НурмухIамад Задиев, ЦIумада районалъул бетIер Шамил ГIумаров, Шамил районалъул бетIер МухIамад ХIасанов. Гьалбадерие дандчIвай гьабуна нилъер районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас ва гьесул тIоцевесев заместитель АхIмад Лабазановас.

Турнир рагьулаго районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас киназего: волейболистазеги, тIаде рачIарал гьалбадериеги, болельщиказеги баркала кьуна:

**-Гьадинал тадбираз рес кьола нилъее ракIал цолъиялъе, гъункиялъе, цIия-цIиял лъайхъваял ккун, гьудуллъи щулалъиялъе. Жакъа нильеца тIобитIулеб, мунагьал чураяв ГIалиасхIаб МухIамадов ракIалде щвеялъулаб турнир, хIакъикъаталдаги, лъугьунеб буго гьудуллъиги вацлъиги щула гьабулеблъун ва иргадулаб нухалъ нилъ цоцада рихьиялъе сабаблъун. Ниж кутакалда рохарал руго, нижер ахIиги къабул гьабун, гьаб турниралде нуж рачIиналдасаги ва нуж рихьиялдасаги. Баркала нужее. Гьединго баркала къезе бокьун буго гьаб тадбир тIобитIиялъе кумек гьабуразеги ва гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабурал киназегоги. Биччанте бергьине гьудуллъиги цолъиги. Киназего икьбал.**

Хадур кIалъазе рахъарал мадугьалихъ ругел районазул нухмалъулез лъикIаб къимат кьуна турниралъе. ГIуцIцIалилаб комитеталъе баркалаги кьуна тIадегIанаб даражаялда, киналго шартIал спортсменазеги болельщиказеги рекъезарун тIобитIулеб тадбиралъухъ.

Киназдаго гьеб турнир баркун




бачIараб, РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановасул телеграммаги цIалана гьенибго.

«Зенит» командаялда ва Россиялъул тIаса бищараб командаялда гьоркьов хIалев, волейболалъул рахъалъ Европаялъулги дунялалъулги чемпион, нилъер ракьцояв, ГIумар Къурбановасе районалъул нухмалъулес кьуна «Мастер спорта России» удостоверениеги ва тIокIлъиялъул гIаламатги. Болельщиказул кIудияб гьира букIана гьесул хIай бихьизеги, амма сахлъиялъул рахъалъ санагIат гьечIолъиялъ гьев площадкаялде вахъинчIо. «Обидно»-йилан абун телахъа. Гьенибго районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас бергьенлъиги баркун шапакъатал кьуна эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпионаллъун рахъарал гIолилазе.

ГIалиасхIаб МухIамадовасул гIагарлъиялъул рахъалдаса киназего: районалъул нухмалъулезеги, волейболистазеги, болельщиказеги, гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабуразеги, кумек-квербакъи гьабуразеги баркала кьуна ГIалиасхIабил вацгIаласул вас МухIамад ДаитхIажиевас.

Турниралда гIахьаллъарал командабазухъ, гьанир гьоркьор хIалел машгьурал волейболистазухъ балагьун, якьинго лъалеб букIана кьецал интерес бугел ва хIалуцарал рукIунеблъи. Турниралъул ахиралда бетIерав судья АхIмад ГIумаровас абуна гьадинаб лъикIаб ва берцинаб волейбол бихьичIого гIемераб заман букIанилан.

Районалдаги росабалъги лъикIа-лъикIал турнирал тIоритIана гьаб ахираб заманалда, хIакъикъаталдаги, гьединаб волейбол бихьичIо, хадубккун бихьизе бугищалиги лъаларо.

Цереккун гьарурал хIаязул хIасилазда рекъон ЦIумада, ГIахьвахъ, Унсоколо командаби гьоркьосаги ун, финалалде рачIана Болъихъ, Хунзахъ, Гумбет ва Шамил районазул командаби.

Лъабабилеб бакIалъе гIоло хIана Болъихъ ва Гумбет районазул командаби. Гьалбадерида тIад бергьенлъиги босун лъабабилеб бакI щвана нилъер командаялъе.

Ахираб заманалда нилъер районалда тIоритIарал Республикаялъулаб даражаялъул турниразда кидаго тIоцебесеб бакI щолаан Шамил районазул «Гьолокь» командаялъе.

Гьеб турниралдаги финалалда дандчIвана Хунзахъ гьел районалъул командагун.

Гьаб нухалъги 2:0 хIасилгун бергьенлъи босана Шамил районалъул машгьурав «Кубал» командаялъ. КIиабилеб бакI щвана хундерил волейболистазе.

Бергьарал командабазе кьуна гIарцулал шапакъатал, медалал ва кубокал. Гьединго хасал шапакъатал кьуна махщел камилал спортсменазеги болельщиказеги.

Гьаруна киналго тартибал, лъугьана турнир.

Районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас баркала кьуна спортсменазе бихьизабураб берцинаб волейболалъухъ, командабазул рахъ ккурал ва турниралъе чIаголъи гьабурал болельщиказе ва гIуцIцIалилаб хIалтIи тIаде босарал, лъикIаб гIадлу-низамалда гьеб тIобитIарал киназегоги.

**А. Агъларов.**



Рузман къоялъул рубрика

# Дунял бокьиялъул гIаламат (ГIалимчиясул пикру)

Аллагьас кьурал нигIматазе щукру гьаби бусурбанчиясда тIадаб буго. Аллагьас бусурбаби цоязе вацаллъун гьари бищун кIудияб нигIматги ккола. Диналъул вацал цоцаздехун берцин, лъикI, цолъун, гьуинго рукIин гIемераб боцIи-мал, бечелъи кьуниги щолареб жо буго.

Аллагьас Къуръаналда аварагасде (жинда свалат салам лъеяв) абулеб буго (магIна): « Дуца, МухIаммад, (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) бикьун букIарабани дунялалда бугеб кинабго бечелъи гьезул ракIал цолъизариялъе, дуда гьеб бажаризе букIинчIо, кинниги Аллагьас гьел цолъизе гьаруна»,-ян.

Гьаб аяталдасан бичIчIулеб буго кигIан боцIи-мал нилъеца кьуниги, нилъехъа гьеб бажарулареблъи. Цолъи гIицIго Аллагьасул нилъей бугеб нигIмат букIин.

Цоги аяталда Аллагьас абулеб буго (магIна): «Аллагьас нужее кьураб нигIмат ракIалде щвезе гьабе, нуж тушбабилъун рукIун хадуб, нужер ракIал цолъизе гьари, нужги Аллагьасул нигIматалдалъун вацаллъун лъугьи. Нуж рукIинги цIадул цIураб гвендалъул рагIалда, нужги Аллагьас гьелдаса хвасар гьари»,-ян.

Гьаб аяталдасаги бичIчIунеб буго Аллагьас нилъ вацал гьариялдалъун жужахIалъул цIаялде ккеялдаса цIуни. Гьединго вацлъи хвезе гьабулеб, ракIал цоцаздаса тIезе гьарулел пишаби, гIамалал, ракIал нилъ жужахIалде рехиялъе сабаблъун рукIулеблъи.

Жакъа Дагъистаналдаго вацлъи хвезе гьабулеб жоялдаса ккола ракьазул дагIбаби. ГIемер бакIазда ратула ракьал сабаблъун вацал цоцазда кIалъалареб.

Цо-цо бакIазда кIиго росдада гьоркьоб, цо-цоязул росулъ кIигоясда гьоркьоб. Гьал ракьал сабаблъун цоял-цоцада кIалъала, ахIдола, гьоркьоб мацI рикIкIуна, рагъдола, хIатта цоцал чIвалде щола. Гьеб сабаблъун кIиго диналъул вац, Аллагьас амру гьабураб вацлъиги хвезе гьабун, жужахIалъе мустахIикълъула. Аллагьас цIунаги гьелдаса.

Щайха гьеб гьедин бугеб?!

**ТIоцебесеб-дунял бокьиялъ буго;**

Дунял тIоцебесеб бакIалда лъеялъ буго, дунял мурад букIиналъ буго Аллагьасул динги, шаригIатги, ритIухълъиги гьечIого. ХIадисалда буго: дунял бокьи-кинабго чороклъабазул бетIер бугоян.

Цоги хIадисалда буго дунялалъ абунин,- дун кIиго чиясда гьоркьоб лъугьичIо, дица гьезда гьоркьоб бекьун гурони дагIба, тушманлъи,-ян.

Гьелъ цин дунял, хадуб дин абун, дурищ, чиярищ хал гьабичIого, чияр ракьги ккун гьабураб гIибадаталъул мунфагIатхайир букIунаро.

Имам АхIмадицаги ГIабраниясги бицараб хIадисалда буго: Щив чи вугониги, жинца ракьул щибгIаги жо ккун хIакъ гьечIого, ай жидер гьечIеб, жиндие бегьулареб, анкьабго ракьгун цадахъ габуралда жемула гьесул, кинабгIаги лъикIаб гIамалги къабул гьабуларо.

Гьеб хIадисалъ абухъе, гьесул кинабгIаги гIамал къабул гьабула гьечIони, гьес хал гьабизе ккеларищ ккунищ гьеб лъикI, кIвечIогойищ? Аллагьас гьелъухъ гIазаб гьабизе букIинги лъалаго.

Цоги Имам АхIмадицаги ва Ибну ХIиббаницаги бицараб хIадисалда буго: Щив чи вугониги, жинца натIул къадаралъ чияр ракь ккун, Аллагьас гьев тIамула гьес ккураб гьеб ракь бухьизе анкьабго ракьул тIинде щвезегIан. Цинги кьиямасеб кьоялъ гьесул горбода бала гьеб ракь гIадамазул хIисаб-суал гьабизегIан.

НатIулцин къадаралъ ракь ккурасе Аллагьас гьедин гIазаб гьабулеб мехалъ, метраби, сотихал чияр ккурас пикру гьабизе ккеларищ метерисеб кьоялъ жиндие букIинесеб жоялда. Чангияс ккола чияр ракь букIа, яги росдал нух букIа, яги росдал хIарим букIа, гIемер заман гьоркьоб инелде хола. Хадуб, нахъ ругез, жидерго гIадин хIалтIизе гьабула. Гьедин наслабазда уна. Щивас гьениб бахъараб минут, секунд гьелъул мунагь гьеб ракь ккун букIарав хварасеги хIалтIизе гьабурасеги букIуна. ХIисаб гьабидал, гьав хун хабалъ вукIуна, гьесий мунагьал рачIула-рачIула рукIуна ккураб ракьалъул, хIисаб кьезе кколеблъи гIечIого.

АляфигIи имамас бицана: Ащщибли хвезе гIагарлъидал гьес абунин: дида тIад зулму гьабун бахъараб цо диргьам буго. Гьелъул бакIалда дица азаазар диргьамал къуна. ГьебгIан кIудияб жо гьечIо дида тIад,-ян.

ХIисаб гьабеха, гьев бергьарав имамас цо диргьам зулмуялъ бахъараб, гьеби тIад буссизабизе кIвечIеб, гьелъул бакIалда азаазар диргьамалги кьурав, гьас абулеб жоялда.

"Иршадул гIибад" абураб тIехьалда Алмалибари абурав имамас бицана Исраилиязул гIаданалъул букIанила рукъ ханасул хъалаялда цун. Гьелъ гьев ханасул хъала суризабулеб букIана. КигIан гьараниги ханас, биче гьеб рукъ дие абун, гьелъ бичичIила. Цо къоялъ гьей гьениса сафаралъ индал, ханас амруги гьабун, бихханила гьелъул рукъ. Сафаралдаса гьей гIадан ячIиндал гьелъ гьикъанила лъица дир рукъ бихханин? Гьелда абунила-ханасин. Зодоехунги балагьун гьелъ абула: Я, дир БетIергьан, дун рикIкIалъун йикIана гьанисан, мун аскIов вукIана. ЗагIифасе кумекги жинда зулму гьабурасе квербакъулевги мун вуго. Гьел рагIабиги абун, гIодойги чIун йикIанила гьей. Гьеб заманалъ хан вакканила хъаладул рагьиялде. Гьелъухъги балагьун гьес гьикъана,- сундухъ мун балагьун чIун йигей? Гьалъ абула: дур хъала биххиялъухъ. Хан гьелъул рагIаби махсародеги ккун велъанхъанила. Сордо бачIиндал, гьев ханги гьесул хъалаги ракьалъ жанире рачун анила.

Гьелъ, хириял диналъул вацал ва яцал, чияр жоги ккун, чиясда зулмуги гьабун, рахIаталда, талихIаб гIумруги гьабун рукIина абун ратани, гьеб букIунареб жо буго. Аллагьас чиясда зулму гьабурасе гьаб дунялалдаго бецIичIого толарила. ХIасан бин Аби синан вегун кьижичIила, гIорцIизегIанги кваначIила, цIорораб лъимги гьекъечIила 60 соналъ. Гьев хун хадуб макьилъ вихьанила, гьесдаги цIеханила: щиб дуе Аллагьас гьабураб? Гьес абунила: Аллагьас кинниги дун алжаналде лъугьине виччачIо рукIеналъе гIоло, дица хIалтIизеги босараб, тIад буссизабизеги кIочараб. Пикру гьабеха, хирияв диналъул вацал.

Цоги- гIемер дагIба кколеб росабазда гьоркьоб: Нуж гьанже рачIарал руго гьанир, ниж цереги рачIарал руго, нужер бакI гуро гьаб, нижер бугин абун. Гьеб бакIалда росу лъугьун букIуна. Гьал кинха гьаниса нахъе ина гьасул рукъги кинабго магIишатги гьаниб бугелъул, живгоги гьанив гьавун вугелъул.

Маккаялдаса асхIабзабаз Мадинаялде гьижра гьабидал,



Аварагас (гI.с.в.) Маккаялъулги Мадинаялъулги асхIабзабазда гьоркьоб вацлъи лъазе гьабуна. Мадинаялда ругел асхIабзабаз тIаде рачIаразе кинабго жо кьуна: ретIел, квен, хIалтIи, рукъзал, ракьал. Гьелдаса хадуб гьел Мадинаялъул агьлулъун лъугьана. Гьезда гьоркьоб киданиги дагIба-рагIиги ккечIо. Гьез лъиданиги абичIо мун гьанисан, довдовасан абун. Бусурбабаз гьаздасан гурищ мисал босизе ккoлеб. Гьадин цолъун рукIиналъ гурищ асхIабзабаз кьокьаб заманалда жаниб дунял ккураб.

Аллагьас нилъ гьаб дунялалъ гуккараздасан гьаругеги. Аллагьас нилъей тавфикъ кьеги гьал асхIабзабазда нахъ рилъине сундулъго, гьел мисаллъун кквезе. Аллагьас бичIчIи кьеги.

Ассаламу гIалайкум!
ГЬУДУЛЛЪИ
Дружба

**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**Директорасул ишал тIуралев**
**А. Агъларов**

**Мухбирзаби:**
**ГI. МухIамадова**
**П. Дибирова**
**П. Камилова**
**М. МухIамадова**
**ХI. ХIасанхIажиев**

**Фотокорреспондентал:**
**К. Камилов**
**Ш. МуртазагIалиев**

**Корректор**
**П.МухIамадова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**



***Индекс: 368970***
***Адрес:***
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

***Телефон:***
***Директорасул 8928 680 50 42***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*



***Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -800 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.**
**от 31 мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**


# Ответственность за нарушение законодательства России в сфере организации отдыха и оздоровления детей

Запрос общества на наказание недобросовестных организаторов несанкционированных оздоровительно-развлекательных детских учреждений остро возник в связи с трагическими событиями имевшее место в ночь 23 июля 2019 года. Тогда в результате пожара на территории горнолыжного комплекса "Холдоми", находящегося в Хабаровском крае, из 26 палаток, где жили приехавшие отдыхать школьники, 20 полностью сгорели. Погибли 4 ребенка, еще 13 детей пострадали. Разрешения на размещение отдыхающих во временном палаточном городке у владельца лагеря не было.

После той трагедии был принят закон, который обязал все детские лагеря зарегистрироваться в региональном уполномоченном органе исполнительной власти до 1 июня нынешнего года для включения в реестр организаций отдыха и оздоровления детей.

Также в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях (далее КоАП РФ) с 1 июня 2020 года введена новая статья 14.65 – нарушение законодательства Российской Федерации в сфере организации отдыха и оздоровления детей, выразившееся в предоставлении организацией отдыха детей и их оздоровления или индивидуальным предпринимателем, не включенными в реестр организаций отдыха детей и их оздоровления, услуг по обеспечению отдыха и оздоровления детей.

Неисполнение установленных требований влечёт наложение административного штрафа для юридических лиц в размере от 500 тыс. до 1 млн. рублей.

Протокол по делу об административном правонарушении в указанной сфере составляют должностные лица органов исполнительной власти субъектов Российской Федерации, уполномоченных в сфере организации отдыха и оздоровления детей .

В соответствии с частью 1 статьи 23.1 КоАП РФ указанная категория дел об административных правонарушений рассматривается судом.

Статьей 14.65 КоАП РФ установлено, что ее положения не распространяются на организации и индивидуальных предпринимателей, которые исключены из реестра организаций отдыха детей и их оздоровления, при условии, что такие организации и индивидуальные предприниматели завершают исполнение принятых на себя обязательств по обеспечению отдыха и оздоровление детей и при этом отсутствует угроза причинения вреда жизни и здоровью детей. Кроме того, лицо, осуществляющее предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, несет административную ответственность за совершение такого правонарушения как юридическое лицо.

Напоминаем, что в случае выявления нарушений в работе организации отдыха и оздоровления детей, Вы можете обратиться в компетентные органы по следующим нарушениям:

- Низкое качество пищи, недостатки в санитарно-гигиеническом состоянии лагеря - компетенция органов Роспотребнадзора;
- Низкая квалификация персонала - компетенция местных органов образования;
- Противопожарные мероприятия, и в целом сопровождение безопасной деятельности лагеря - компетенция органов МЧС;
- Неподобающее поведение вожатых, включая распитие алкоголя - вопрос органов полиции.
- Подготовка к сезону и работа лагеря, включая работу надзорных органов в совокупности по обеспечению качества и безопасности отдыха детей - это компетенция органов прокуратуры.

Уважаемые родители, еще раз обращаем внимание, что перед отправлением ребенка в лагерь, для обеспечения безопасности Вашего ребенка необходимо убедиться, что данный лагерь имеет все необходимые разрешительные документы на осуществление деятельности. Кроме того, дети, направляемые в палаточные лагеря, должны быть обязательно вакцинированы против клещевого энцефалита.



**Разъяснение подготовил:**
**Старший инспектор группы по делам несовершеннолетних ОУУП и ПДН ОМВД России по Ботлихскому району майор полиции Сайгидинов А.М.**

# Прокуратура сообщает:

## Ответственность за незаконное изъятие, похищение паспорта

***Паспорт представляет собой основной документ, удостоверяющий личность человека. В России существуют следующие виды паспортов: общегражданский, заграничный, дипломатический, служебный и паспорт моряка. Общие правила об общегражданском паспорте установлены в Положении о паспорте гражданина Российской Федерации от 08.07.1997 №828, согласно которому паспорт гражданина Российской Федерации является основным документом, удостоверяющим личность гражданина Российской Федерации на территории Российской Федерации. Паспорт обязаны иметь все граждане Российской Федерации, достигшие 14-летнего возраста и проживающие на территории Российской Федерации.***

***Содержащаяся в паспорте информация должна быть определенной и актуальной, это необходимо для обеспечения государственной и общественной безопасности.***

***За проживание по месту пребывания или по месту жительства в жилом помещении гражданина без документа, удостоверяющего личность гражданина (паспорта), или по недействительному документу (паспорту) предусмотрена административная ответственность (ч. 1 ст. 19.15 КоАП РФ) в виде штрафа.***

***Умышленное уничтожение или порчу документа, удостоверяющего личность гражданина (паспорта), либо небрежное хранение или повлекшее его утрату влечет административную ответственность по ст. 19.16 КоАП РФ в виде предупреждения или наложения штрафа.***

***Незаконное изъятие или принятие документа, удостоверяющего личность гражданина (паспорта), в залог является административным правонарушением, наказание влечет наложение штрафа на граждан или должностных лиц (ст. 19.17 КоАП РФ).***

***Похищение у гражданина паспорта или другого важного личного документа – это преступление, предусмотренное ч. 2 ст. 325 Уголовного кодекса Российской Федерации. Похищение паспорта или другого важного личного документа у гражданина наказывается штрафом в размере до восьмидесяти тысяч рублей, либо обязательными работами на срок до трехсот шестидесяти часов, либо исправительными работами на срок до одного года, а также арестом на срок до трех месяцев.***

**Помощник прокурора района Загидиев К.С.**

